

Enfòmasyon Enpòtan sou Matematik pou Klas 4 Ane

“Nonb ki pi Piti pou Miltiplikasyon ak Divizyon”


Chè Fanmi,

Klas nou an ap kòmanse yon inite etid nan matematik ki rele Nonb ki pi Piti sou matematik ak Divizyon. Pandan inite etid sa, elèv pral kontinye aprann sou travay yo te fè nan premye inite etid la, *Baz Konparezon sou Miltiplikasyon ak Divizyon*. Elèv pral rezoud pwoblèm sou faktè, miltip, ak relasyon sou chif. Objektif enstriktif espesifik elèv ou pral travay sou li yo nan lis anba avèk ekzanp sou travay elèv la ki montre konpreyansyon sou chak objektif enstriktif.





Objektif Enstriktif: Miltiplikasyon sou nonb a de-chif kote elèv ou pral itilize nonb a yon-chif ak ti nonb a de-chif epi eseye ilistre e eksplike kalkilasyon avèk tablo, modèl, ak ekwasyon.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
$\begin{array}{r} 37 \\ \times 6 \\ \hline \end{array}$	<div style="text-align: center;"> $\begin{array}{r} 37 \\ 30 \quad 7 \\ \hline 6 \times 30 \quad 6 \times 7 \end{array}$ </div> <p> $6 \times 37 = (6 \times 30) + (6 \times 7)$ $6 \times 37 = 180 + 42$ $6 \times 37 = 222$ </p> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin-left: auto; margin-right: auto;"> <p>“Mwen konnen ke ou kapab separe ant 30 ak 7. Sa fè l pi fasil pou m miltipliye pa 6.”</p> </div>

Objektif Enstriktif: Divize nonb a de-chif pa nonb a yon-chif epi eseye ilistre e ekplike kalkilasyon avèk tablo, modèl, ak ekwasyon.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>Bann lekòl segondè a ap pran bis pou l ale pèfòme. Chak bis kapab pote 8 mizisyen. Si genyen 35 mizisyen, konbyen bis yo bezwen?</p>	<div style="text-align: center;">  </div> <div style="border: 1px solid black; border-radius: 50%; padding: 10px; width: fit-content; margin-left: auto; margin-right: auto;"> <p>“Mwen konnen ke bann nan pral bezwen 5 bis. Chak nan 4 bis yo ap pote 8 elèv pou yon total 32 mizisyen. Gen 3 mizisyen k ap rete ki pral bezwen ale nan yon senkyèm bis.”</p> </div> <p>$35 \div 8 = 4$ ak 3 kòm yon rè.</p>

Objektif Enstriktif: Chèche miltip sou nonb.

Ekzanp Pwoblèm	Ekzanp sou Solisyon Elèv
<p>chèche premye 4 miltip nan 8.</p> <p><i>“Mwen kapab panse achte 4</i></p>	<p>A store sells CDs for \$8 each.</p>  <p>1 CD costs \$8.</p>  <p>2 CDs cost \$16.</p>  <p>3 CDs cost \$24.</p>  <p>4 CDs cost \$32.</p> <p>The prices for buying CDs are multiples of 8: \$8, \$16, \$24, \$32, ...</p> <p>Ebyen , miltip 8 se 8, 16, 24, ak 32</p> <p><i>“Mwen konnen miltip yon nonb se rezilta ki bay lè yo multiplie yon nonb antye pa yon gwoup nonb antye.”</i></p>

Panse Matematik ak Pratik sou Objektif Enstriktif:

Rezoud pwoblèm kòrèkteman epi eseye eksplike panse kòrèkteman.



Bagay ou kapab fè lakay pou sipòte elèv ou nan tout inite etid sa:

Pratike tab miltiplikasyon: Kontinye itilize nenpòt opòtinite pou pratike tab miltiplikasyon jiska 12x12.

Bay Modèl Sou Sitiyasyon Divizyon: Nan lekòl, elèv rezoud pwoblèm ki reprezante divès tip sitiyasyon sou divizyon. Ankouraje pitit ou ede w rezoud sitiyasyon ki vini nan aktivite jounalye ou. Men kèk ekganp: “Mwen prepare yon founo 48 bonbon pou vann. Mwen bezwen mete yo nan sachè pa senk. Konbyen sachè a 5 bonbon mwen kapab fè antou? Ki sa m kapab fè avèk rès yo? Genyen 98 jwè ki pral jwe bezbòl nan 7 ekip. Konbyen jwè ki pral genyen nan chak ekip si ekip yo ta dwe genyen menm valè jwè.

Kòman w rezoud sa? Mande pitit ou pou pale w kòman l miltiplie oswa divize. Montre ke ou enterese nan apwoch sayo. Paske ou kapab pa abitye avèk estrateji sayo, swiv eksplikasyon pitit ou avèk atansyon; ou kapab menm eseye fè youn oswa de pwoblèm, itilize nouvo estrateji a. Kite pitit ou reprezante pwofesè a!

Matematik ak Literati: Men kèk sijasyon sou liv timoun ak ide ki genyen rapò ak matematik sou miltiplikasyon. Matematik ak Literati: Chèche liv sayo nan bibliyotèk lokal ou.

- [Anno’s Mysterious Multiplying Jar](#) by Masaichiro Anno.
- [Grapes of Math](#) by Greg Tang
- [Ten Times Better](#) by Richard Michelson